



# Tcheke Dat Ankèt sou Ka USCIS ou a anvan ou mande èd nou ak reta nan pwosesis USCIS

Si w vle soumèt yon demann pou asistans pou ka ak biwo nou an paske fòm ou a te annatant ak Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (USCIS) pou yon tan long, **premye tcheke ki lè USCIS pral aksepte yon ankèt sou ka**. Ou dwe eseye rezoud pwoblèm ou ak USCIS anvan ou mande èd nou.

Si sèl enkyetid ou a se ke ka w la te annatant ak USCIS pou yon tan long, **jeneralman nou pa ka ede si li anvan dat demann USCIS ou a**. Gade Sitiyasyon Espesyal ki anba a pou eksepsyon.

Èske w te konnen paj [Tcheke Tan Tretman Ka \(nan lang angle\)](#) USCIS la ka montre w de delè diferan?

- Yon sèl ki make "tan pwosesis" montre tan li te pran pou konplete 80% nan ka yo jije nan sis mwa ki sot pase yo. Li pa endike konbyen tan USCIS pral pran aksyon sou ka w la.
- Youn ki make "dat demann lan" fè w konnen ki lè ou ka soumèt yon demann bay USCIS sou sitiayson ka w la.
- Paj [Plis Enfòmasyon USCIS sou Tan Tretman Ka yo \(nan lang angle\)](#) eksplike diferans lan.

## 1. Gade dat ou resevwa.

Dat resi w la se sou [avi resi \(nan lang angle\)](#) USCIS te voye w la.

<p>① Form Type or Case Type</p> <p>② Receipt Number</p> <p>③ Receipt Date</p> <p>④ USCIS Office</p>	<p><b>Department of Homeland Security U.S. Citizenship and Immigration Services</b></p> <p><b>Form I-797C, Notice of Action</b></p> <p><b>THIS NOTICE DOES NOT GRANT ANY IMMIGRATION STATUS OR BENEFIT.</b></p> <table border="1"><tr><td>NOTICE TYPE Receipt</td><td>NOTICE DATE June 1, 2017</td></tr><tr><td>CASE TYPE I-130. Petition for Alien Relative</td><td>USCIS ALIEN NUMBER</td></tr><tr><td>RECEIPT NUMBER WAC1791234567</td><td>RECEIVED DATE May 08, 2017</td></tr><tr><td>PRIORITY DATE May 08, 2017</td><td>PREFERENCE CLASSIFICATION 201 A1 INA ADULT CHILD OF USC</td></tr><tr><td colspan="2">JOHN D. SMITH 123 MAIN STREET, APT. 7</td></tr></table> <p>④ USCIS Office Address: USCIS California Service Center P.O. Box 30111 Laguna Niguel, CA 92607-0111</p> <p>USCIS Customer Service Number: (800) 375-5283 APPLICANT COPY</p>	NOTICE TYPE Receipt	NOTICE DATE June 1, 2017	CASE TYPE I-130. Petition for Alien Relative	USCIS ALIEN NUMBER	RECEIPT NUMBER WAC1791234567	RECEIVED DATE May 08, 2017	PRIORITY DATE May 08, 2017	PREFERENCE CLASSIFICATION 201 A1 INA ADULT CHILD OF USC	JOHN D. SMITH 123 MAIN STREET, APT. 7	
NOTICE TYPE Receipt	NOTICE DATE June 1, 2017										
CASE TYPE I-130. Petition for Alien Relative	USCIS ALIEN NUMBER										
RECEIPT NUMBER WAC1791234567	RECEIVED DATE May 08, 2017										
PRIORITY DATE May 08, 2017	PREFERENCE CLASSIFICATION 201 A1 INA ADULT CHILD OF USC										
JOHN D. SMITH 123 MAIN STREET, APT. 7											

Paj [Plis Enfòmasyon USCIS sou Tan Tretman Ka yo \(nan lang angle\)](#) eksplike diferans lan

## 2. Ale nan paj USCIS' Processing Times (<https://egov.uscis.gov/processing-times>).

Chwazi (1) Fòm, (2) Kategori Fòm, ak (3) Field Office oswa Sant Sèvis nan twa meni ki dewoule yo.

- Si ou pa ka jwenn fòm ou a nan meni ki dewoule a epi fòm ou an te annatant pou plis pase [sis mwa \(nan lang angle\)](#) apati dat ou resevwa a, lè sa a ou ka soumèt yon demann ka bay USCIS.
- Si ka w la enplike travayè H-2A, renouvèlman DACA, oswa aksyon kolektif Rosario, gade paj [Delè Andeyò lè Tretman Nòmal \(nan lang angle\)](#) USCIS pou plis enfòmasyon.

### 3. Chwazi bouton ble "Jwenn tan pwosesis".

Paj la pral montre yon tan pwosesis nan yon bwat ble. **Pa kanpe isit la. Sa a se pa dat rechèch ou an.**

### 4. Desann nan "Kilè mwen ka mande sou ka mwen an?"

Nan kare gri ki mande "Kilè dat resi w la?", antre dat resi w ki soti nan [avi resi \(nan lang angle\)](#) USCIS te voye ba ou a. Lè sa a, chwazi bouton ble "Jwenn Dat demann lan".

Nan egzanz ki anba a, dat resi a se "01/02/2020."

#### When can I ask about my case?

Many routine factors impact how quickly a case is processed. We only allow inquiries for cases that are well outside the processing time listed above.

[Learn more about the Case Inquiry Date.](#)

Enter your receipt date below to find out if you can contact us with questions.

When is your receipt date?

01/02/2020

**Get Inquiry Date**

### 5. Lè sa a, ou pral wè youn nan de mesaj ki soti nan USCIS.

#### Mesaj 1

##### Your case is processing normally.

The earliest you can submit questions is September 05, 2024. Please do not contact us before this date.

We will notify you if we need any additional information. We appreciate your patience while we review your case. Processing times may change – return to this page regularly for updates.

Si w wè mesaj sa a, li pral montre tou dat ki pi bonè ou ka soumèt kesyon sou ka w la bay USCIS. **Sa a se dat rechèch ou an.** (*Dat ankèt sou ka a nan egzanz sa a se 5 Septanm 2024. Dat demann ka w la pral diferan.*) Tcheke paj sa a regilyèman. Dat rechèch ka ou an ka chanje.

- Si w wè mesaj 1, pa soumèt yon demann asistans pou ka bay Biwo Ombudsman Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon an (CIS Ombudsman) sof si USCIS te apwouve demann rapid ou a epi li pa te pibliye yon avi oswa yon desizyon sou fòm ki annatant ou a nan dènye 60 jou yo.

## Mesaj 2

You can send us questions about your case by submitting a [Service Request online](#).

Note: If you submitted a VAWA, T, or U filing, you must follow the instructions for asking questions on our [Contact Us webpage](#).

Si w wè mesaj 2 a, w ap wè tou yon lyen ki pèmèt ou [soumèt yon demann sèvis bay USCIS \(nan lang angle\)](#) pou mande enfòmasyon sou ka w la.

- Si ou te soumèt yon demann sèvis bay USCIS nan 90 jou ki sot pase yo epi USCIS pa t reponn oswa rezoud pwoblèm nan 60 jou, ou ka soumèt yon demann asistans pou ka bay Ombudsman CIS la.
- Tanpri espere tann. Li pran kèk tan pou nou bay kalite demann sa yo akòz volim demann nou ap resevwa kounye a.

### Sitiyasyon espesyal

- Si w gen yon Fòm I-765, *Aplikasyon pou Otorizasyon Travay*, ki baze sou yon lòt fòm ki annatant, tanpri gade Kesyon 1 nan [seksyon Dokiman Otorizasyon Travay \(EADs\) nan paj Kesyon yo Poze Souvan nou an \(nan lang angle\)](#).
- Si ou te kontakte USCIS atravè youn nan zouti sèvis kliyan li yo nan dènye 90 jou ki sot pase yo epi USCIS pa t aji sou fòm ou a, gen de sitiayson kote ou ka soumèt yon demann asistans nan biwo nou an kèlkeswa dat demann USCIS ou a. Sa yo se:
  - Si gen yon kondisyon legal oswa regilasyon tan pou pwosesis (tankou Fòm I-360, *Petisyon pou Amerasian, Vèf(e)*, oswa *Imigran Espesyal*, pou Imigran Espesyal Jivenil; Fòm N-400, Aplikasyon pou Naturalizasyon; ak Fòm I-129, *Petisyon pou yon travayè ki pa imigran*, pou petisyon L-1), oswa
  - USCIS te apwouve demann rapid ou a sa gen plis pase 60 jou epi USCIS pa te pibliye yon avi oswa yon desizyon sou fòm ki annatant ou a.

**Sonje!** Biwo nou an pa fè pati USCIS. Lè w soumèt yon demann asistans pou ka bay biwo nou an pa mete yon poz oswa retade tan ou gen pou reponn a yon demann pou prèv oswa lòt avi pou enfòmasyon, fè apèl kont yon desizyon USCIS, oswa depoze yon mosyon pou relouvri oswa rekonsidere ak USCIS. Ou dwe ranpli nan dat limit ki endike nan avi USCIS la. Si ou pa fè sa, USCIS ka refize ka w pou abandon oswa ou ka pèdi dwa w pou fè apèl.